



Nan mwa me 2013, Asosyasyon Sikyatrik Ameriken (American Psychiatric Association) te pibliye senkyèm edisyon *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Twoub Mantal* yo (Diagnostic and Statistical Manual of Mental Disorders, DSM–5). Byenke gen yon pakèt koyensidans ant DSM–5 ak DSM–IV, ki se edisyon anvan an, gen plizyè diferans enpòtan:

Chanjman Tèminoloji Twoub yo

- » DSM–IV dekri de (2) twoub apa, abi alkòl ak depandans alkòl, avèk kritè byen presi pou chak.
- » DSM–5 entegre de (2) twoub DSM–IV yo, abi alkòl ak depandans alkòl, nan yon sèl twoub yo rele twoub konsomasyon alkòl (Alcohol Use Disorder, AUD) avèk sou-klasifikasyon lejè, modere ak grav.

Chanjman Limit pou Dyagnostik

- » Nan DSM–IV, kritè dyagnostik pou abi ak depandans yo te apa: Nenpòt moun ki ranpli youn (1) oswa plizyè nan kritè “abi” yo (gade pwen 1 a 4 nan paj annapre a) nan entèval yon peryòd 12 mwa t ap resevwa dyagnostik “abi” a. Nenpòt moun ki gen twa (3) kritè oswa plis nan kritè “depandans” yo (gade pwen 5 a 11 nan paj annapre a) pandan menm peryòd 12 mwa a t ap resevwa yon dyagnostik “depandans”.
- » Nan DSM–5, nenpòt moun ki ranpli nenpòt de nan 11 kritè yo pandan menm peryòd 12 mwa a ta dwe resevwa yon dyagnostik AUD. Gravite AUD—lejè, modere, oswa grav—baze sou kantite kritè ki ranpli yo.

Retire Kritè

- » DSM–5 elimine pwoblèm legal yo kòm yon kritè.

Ajoute Kritè

- » DSM–5 ajoute gwo anvè kòm yon kritè pou yon dyagnostik AUD. Sa pa te nan DSM–IV.

Revize Kèk Deskripsyon

- » DSM–5 modifiye kèk nan deskripsyon kritè yo avèk mizajou nan langaj.

Istwa ak Kontèks DSM

Yo te kreye *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Twoub Mantal* yo okòmansman (DSM) akòz yon bezwen pou rasanble enfòmasyon estatistik sou twoub mantal Ozetazini. Premye tantativ pou rasanble enfòmasyon sou sante mantal te kòmanse nan resansman 1840 lan. Rive nan resansman 1880 an, Biwo Resansman an te devlope sèt kategori maladi mantal. An 1917, Biwo Resansman an te kòmanse rasanble estatistik inifòm nan men lopital mantal yo atravè peyi a.

Pa twò lontan apre sa, Asosyasyon Sikyatrik Ameriken an ak Akademi Medsin New York (New York Academy of Medicine) te kolabore pou pwodui yon “nomanklati sikyatrik akseptab onivo nasyonal” pou fè dyagnostike pasyan ki gen twoub sikyatrik ak newolojik grav. Apre Premye Gè Mondyal la, Lame ak Administrasyon Veteran te elaji nomanklati a pou mete ladan twoub ki afekte veteran yo.

An 1952, Komite Asosyasyon Sikyatrik Ameriken sou Nomanklati ak Estatistik te pibliye premye edisyon an pou *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik la: Twoub Mantal* (DSM-I). DSM-I an te gen ladan yon glosè ki dekri kategori dyagnostik yo epi li gen ladan yon konsantrasyon sou fason pou sèvi avèk manyèl la pou fè dyagnostik klinik. DSM-II an, ki te vrèman menm bagay ak DSM-I an, te pibliye an 1968. DSM-III an, ki te pibliye an 1980, te vini avèk plizyè inovasyon, ki gen ladan kritè dyagnostik byen klè pou divès kalite twoub yo, ki kounye a yon karakteristik yo ka rekonèt nan DSM lan. Yon revizyon nan DSM-III an nan lane 1987, ki rele DSM-III-R, te fè eklèsisman sou kèk nan kritè sa yo epitou li te abòde bagay ki pa konsistan nan sistèm dyagnostik la. Yon revizyon konplè nan literati syantifik la te ranfòse baz anpirik pwochen edisyon an, DSM-IV lan, ki te pibliye an 1994. DSM-IV-TR lan, yon revizyon ki te pibliye nan lane 2000, te bay enfòmasyon anplis sou dyagnostik. Depi 1952, chak edisyon ki vin annapre nan DSM lan te vize amelyorasyon kapasite klinisyen yo pou konprann ak fè dyagnostik yon pakèt kalite pwoblèm.

Yon konparezon ant DSM-IV ak DSM-5

DSM-IV		DSM-5	
Nan ane ki sot pase a, èske:		Nan ane ki sot pase a, èske:	
Nenpòt 1 = ABI ALKÒL	Ou te dekouvri ke bwè alkòl—oswa lè ou malad akòz ou bwè—te entèfere souvan nan fason pou ou okipe kay ou oswa fanmi ou? Oswa te lakòz pwoblèm nan travay? Oswa pwoblèm lekòl?	1	Ou te gen moman kote ou te rive bwè plis, oswa pi lontan, pase sa ou te prevwa?
	Plis pase yon fwa ou te jwenn ou nan sitiyasyon pandan oswa apre ou fin bwè kote ou te gen plis chans ou pou fè tèt ou mal (tankou kondi, naje, itilize machin, mache nan yon zòn danjere, oswa gen rapò seksyèl san pwoteje)?	2	Plis pase yon fwa ou te vle diminye oswa sispann bwè, oubyen ou te eseye, men ou pa t kapab?
	Te arete plis pase yon fwa, te nan detansyon nan yon pòs polis, oswa te gen lòt pwoblèm legal paske ou te bwè alkòl? **Sa pa enkli nan DSM-5**	3	Ou te pase anpil tan ap bwè? Oswa ou te malad oswa simonte lòt konsekans annapre yo?
	Ou te kontinye bwè menm si sa te lakòz pwoblèm avèk fanmi ou oswa zanmi ou?	4	Ou te si tèlman anvi yon bwason ou pa t kapab panse a okenn lòt bagay? **Sa nouvo nan DSM-5**
Nenpòt 3 = DEPENDANS ALKÒL	Ou te bwè pi plis anpil pase sa ou te konn bwè anvan pou ou ka santi efè ou vle a? Oswa ou te jwenn ke kantite bwason abityèl ou te gen mwens efè anpil pase anvan?	5	Ou te dekouvri ke bwè alkòl—oswa lè ou malad akòz ou bwè—te jennen souvan pou ou okipe kay ou oswa fanmi ou? Oswa te lakòz pwoblèm nan travay? Oswa pwoblèm lekòl?
	Ou te konstate ke lè efè alkòl la pase, ou te gen sentòm tankou ou vle rete lwen tout moun, poukont ou, tankou pwoblèm somèy, tranbleman, ajitasyon, kèplen, transpirasyon, yon palpitasyon kè, oswa yon kriz? Oswa ou te santi bagay ki pa te la vrèman?	6	Ou te kontinye bwè menm si sa te lakòz pwoblèm avèk fanmi ou oswa zanmi ou?
	Ou te gen moman kote ou te fini pa bwè plis, oswa pi lontan, pase sa ou te prevwa?	7	Ou te abandone oswa diminye sou aktivite ki te enpòtan oswa ki te enterese ou, oswa ki te ba ou plezi, dekwa pou ou bwè?
	Plis pase yon fwa ou te vle diminye oswa sispann bwè, oubyen ou te eseye, men ou pa t kapab?	8	Plis pase yon fwa ou te jwenn ou nan sitiyasyon pandan oswa apre ou fin bwè ou te gen plis chans pou fè tèt ou mal (tankou kondi, naje, itilize machin, mache nan yon zòn danjere, oswa gen rapò seksyèl san pwoteje)?
	Ou te pase anpil tan ap bwè? Oswa ou te malad oswa simonte lòt konsekans annapre yo?	9	Ou te kontinye bwè menm si li te fè ou santi ou deprime oswa enkyete oswa li te vin ajoute sou yon lòt pwoblèm sante? Oswa apre ou te gen yon pèt memwa?
	Ou te abandone oswa diminye sou aktivite ki te enpòtan oswa ki te enterese ou, oswa ki te ba ou plezi, dekwa pou ou bwè?	10	Ou te bwè pi plis anpil pase sa ou te konn bwè anvan pou ou ka santi efè ou vle a? Oswa ou te jwenn ke kantite bwason abityèl ou te gen mwens efè anpil pase anvan?
	Ou te kontinye bwè menm si li te fè ou santi ou deprime oswa enkyete oswa li te vin ajoute sou yon lòt pwoblèm sante? Oswa apre ou te gen yon pèt memwa?	11	Ou te konstate ke lè efè alkòl la pase, ou te gen sentòm tankou ou vle rete lwen tout moun, poukont ou, tankou pwoblèm somèy, tranbleman, ajitasyon, kèplen, transpirasyon, yon palpitasyon kè, oswa yon kriz? Oswa ou te santi bagay ki pa te la vrèman?

Prezans omwen 2 nan sentòm sa yo endike **Twoub Konsomasyon Alkòl (AUD)**.

Gravite AUD an defini kòm:

Lejè:
Prezans 2 a 3 sentòm

Modere:
Prezans 4 a 5 sentòm

Grav:
Prezans 6 sentòm oswa plis

Tout demann otorizasyon konsènan DSM lan dwe adrese ba Asosyasyon Sikyatrik Ameriken an ([American Psychiatric Association](http://www.psychiatry.org)).



NIH . . . Turning Discovery Into Health®

National Institute on Alcohol Abuse and Alcoholism

<https://www.niaaa.nih.gov> • 301-443-3860

Mizajou Oktòb 2021